# Семинар

на тему: «Преподавание чеченского языка и литературы: состояние и перспектива».

«Нохчийн мотт а,таханлера лехамаш а»

Учитель чеченского языка и литературы Мандриева А.Р.

МБОУ «СОШ №5 с.Гехи»

хууш долу нохчийн дешнаш хьехархошна а, берашна а «иностранни» дешнаш ду. Вай долчохь нохчийн маттана а, оьрсийн маттана а беза и кечам. Оьшу хьехархошна а, дешархошна а лерина йолу «Нохчийн меттан доштуьйду», «Нохчийн – оьрсийн», «Оьрсийн – нохчийн», «Нохчийн – ингалсан», «Ингалсан – нохчийн» орфографически, «Математически терминийн» жайнаш (дошмаш, словарикаш). Юьхьанцарчу классашна шаьш, 5 – 9, 10 – 11 классашна шаьш. Вай тахана х1ораммо а шена луъург ала а олу, яз а до. Ткъа школехь бере муха язде ала деза?! Юха а тидаме эца: НГ1- н АССР меттах1оттийна кхо шо кхочуш, 1961 шарахь, Мациев Ахьмадий, Джамалханов Зайндиссий арахецна барх1шеран школан юьхьанцарчу а, лакхарчу а классашна Лерина йолу «Нохчийн меттан орфографически словарь». Вай ткъа шарахь, «книга» яздан деза, «киншка» яздан деза, «жайна» яздан деза, бохуш къуьйсуш 1аш ду. Т1едог1учу дешаран шарна хьалхара г1улчаш яха (и дан таро йоцчохь, х1инца д1ахьочу кепехь болчу балхана дукха ч1ог1а оьшучу г1оьнна) х1ун далур дара? «Орга» газето 2008 шеран 21 – чу апрелехь нийса билгалдаьккхина ма-хиллара, «мотт ларбар ерриг юкъараллин г1уллакх хила деза». Дукхахйолчу школашкахь болу хьехаран г1ирсаш дукха къаьсташ бац масех эзар шо хьалха хиллачарех. Хьеха ма - беззара нохчийн мотт хьеха хьехархошна а, дешархошна оьшуш барам боцуш дукха х1ума ду. Дерриг–м далур дацара йоццучу хенахь. Нийса хир дара аьлла хетта республикехь леррина йолу юкъараллин «Нохчийн меттан фонд» а йиллича. Нохчийн мотт кхиоран пачхьалкхо дечунна т1е г1о дар 1алашо а йолуш. Иштта юкъараллин нохчийн меттан жигархойн республикански цхьаьнакхетар вовшах тоьхча а, х1ора школехь шайн жигархойн тобанаш а йолуш. Зеделларг долу берийн бошмийн белхалой т1е а озийна, телевиденига вовшахтохалур яра деша даха дезачу берашна а лерина йолу «Кечамбаран класс». Кху шерашкахь нохчийн мотт а, литература а, дин а, г1иллакх-оьздангалла а, истори а хьоьхучарна а,1амочарна а дукха мехала, доккха маь1на долу материалаш арайийлина республикански а, районни а газеташ т1ехь, журналаш т1ехь, телепередачашкахь. Нохчийн къоман а, меттан а бакъболу патриоташ бу и болх, шаьш дага а бевлла, бинарш а, беш берш а. Тахана хьехархочунна, дешархочунна оьшург хаа а хууш, бина и болх. Церан дог дохо-м ца лаьара суна. Делахь а хаа деза: и ч1ог1а маь1на долу, мехала йолу материалаш оьшучаьрга д1акхочуш яц. Телевизионни передачашка уггар хьалха хьовса безаш болу дай – нанойх, дешархойх хьожуш вац цхьа а. И журналистийн бехк боцийла хууш ду.

Телевизионни передачаш х1ора школехь кхетош-кхиоран балхахь гайта некъ лаха беза. Вайна боккъалла а нохчийн мотт кхиа лаахь, дан дезаш а, далур долуш а г1уллакхаш ду уьш. Хьехархошна доккха совг1ат хилла д1ах1оьттира Вагапов 1арбин «Нохчийн меттан доштуьйду жайна». Дукха ч1ог1а оьшучу хенахь «Вайнах» журнало зорба тоьхна араевлира Кусаев 1адизан «Нохчийн яздархой» очеркаш. Цхьа а тайпа яздархойх материалаш йоцчу хенахь «Даймохк», «Орга», «Хьехархо» газеташа, «Орга», «Вайнах» журналаша, иштта кхидолчу а газеташа нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь арахоьцуш хиллачу «Литературан аг1онаша», яздархойн дахарх, кхолларалех йолчу аг1онаша, литературин а, культурин а календараша, рузманаша доккха г1о лецира чолхечу шерашкахь нохчийн мотт а, литература хьехарехь.. Юьхьанцарчу классашна ч1ог1а оьшу материалаш зорбайиттира «Стела1ад» журнало: «Дийнатийн дуьне» (1аморан кхеторан доккха маь1на долуш

ду кхузахь дехкина суьрташ: олуш ма ду, б1озза хезачул, цкъа гар г1оле ду), «Ч1ирдиган дошам», «Хьехархочун аг1о», суьрташца цхьаьна ялийна нохчийн алфавит. Нохчийн меттан бакъболчу патриоташа бен бийр боцуш болх бу иза. Доцца аьлча, тахана школашкахь хьехар нохчийн маттахь д1адахьа а, лакхарччу классашкахь нохчийн мотт а, литература а хьеха ч1ог1а оьшу кечам барехь доккха дакъа ду цара лаьцнарг. Аса и дерриге а х1унда дуьйцу? Доккха г1о хир дара лакхахь дийцинчу зеделлачух пайда а оьцуш, газеташа а, журналаша а, тахана янне а йоцу, ца хилча йиш йоцу берашна а, хьехархошна а лерина йолу материалаш лерринчу гуларшкахь (1– 4-чу классашна, цул т1аьхьа, ницкъ кхачахь, 5 – 9-чу, 10 – 11 чу классашна лерина) 1 – 2 тетрадан барамехь а йолуш, школьни программехь ца хиъча ца довллурш бен дешнаш а доцуш «Нохчийн меттан дош тидаран дошам», «Нохчийн меттан орфографически дошам», «Нохчийн – оьрсийн дошам», «Оьрсийн – нохчийн дошам» арахецча. Иштта ч1ог1а оьшуш ю «Дийнатийн дуьне», араевлларш санна, бос болуш суьрташ а долуш, нохчийн оьрсийн маттахь язйина х1уманийн ц1ераш а йолуш йолу. Ца хилча йиш йоцуш оьшу ю юьхьанцарчу классашкахь математически «Нохчийн – оьрсийн математикин доштуьду дошам», «Оьрсийн – нохчийн математикийн доштуьду дошам», математически х1уманийн (геометрически фигураш, телаш) суьрташ, нохчийн маттахь а, оьрсийн маттахь а ц1ераш а йолуш. Уьш арахецча пайденна хир яра, журналийн, газетийн номерашкахь яьржийна а йоцуш, тематически гуларшкахь «Хьехархочун библиотека», «Дешархочун библиотека». И вай юьйцуш йолу терминийн гуламаш «Нохчийн меттан нийсаяздаран дошам» т1ехь (Джамалханов З., Алироев И.) йолуш а хилча. Хьехар нохчийн маттахь д1адолочарна, нохчийн мотт хьоьхучарна доккха г1о хир дара II – III т1ег1анашна лерина Нохчийн литературан классикийн, программи юкъабог1учу яздархойн, классал арахьа еша произведенеш билгалъяьхначу яздархойн йоцца биографиш (юьхьанцарчу классашна шайна, 5 – 9-чу, 10 – 11-чу классашна шайн-шайна лерина), арахецча. Школан дешаран т1ег1анашка хьаьжжина (программехь ца хилча ца йоллучул) лакхахь вай хьехийна дошамаш ницкъ кхоччучу барамехь дешаран шо доладалале, хьехархошка, дешархошка кхачийча, вай бац бохуш шерашкахь буьйцуш болу, ца хилча ца болуш а болу кечам хир бара цкъачунна. Кхетош – кхиоран маь1на долу телепередачаш, электронни носительш т1е а язъеш, арахеца а еза, школашка кхачо а еза, дешархошна гайтар вовшахтоха а деза.

Литература:

1. Журналаш: «Вайнах», «Орга», «Вестник», «Геланча», «Хьехархо».
2. А. Мациев, З. Джамалханов «Дошам», 1976.